

Liv Lekti - Tradwi

M al Mache		1
Lapli		2
Senk ti Kana		3
Ti Poul ak Ti Kana		4
Bon, Pa Bon Chat		5
Zanmi m		6

M al Mache

I Went Walking, Sue Williams

M al mache. Kisa ou wè?
Mwen wè yon chat nwa k ap gade mwen.

M al mache. Kisa ou wè?
Mwen wè yon chwal mawon k ap gade mwen.

M al mache. Kisa ou wè?
Mwen wè yon bèf wouj k ap gade mwen.

M al mache. Kisa ou wè?
Mwen wè yon kana vèt k ap gade mwen.

M al mache. Kisa ou wè?
Mwen wè yon kochon wòz k ap gade mwen.

M al mache. Kisa ou wè?
Mwen wè yon chen jòn k ap gade mwen.

M al mache. Kisa ou wè?
Mwen wè yon bann bèt k ap swiv mwen.

Lapli

Rain,

Syèl ble
Solèy jòn
Nyaj blan
Nyaj gri
San solèy
Syèl gri
Lapli
Lapli sou zèb vèt la
Lapli sou wout nwa a
Lapli sou oto wouj la
Lapli sou flè oranj yo
Lapli sou lantouraj mawon an
Lapli sou flè mòv yo
Lapli sou kay blan an
Lapli sou pyebwa vèt yo
Lapli
Lapli
Lakansyèl

Senk ti Kana

Five Little Ducks,

Senk ti kana soti yon jou,
Pase sou mòn ale byen lwen
Manman kana di, "*Kwak, kwak, kwak, kwak.*"

Men kat ti kana tounen sèlman.
Kat ti kana soti yon jou,
Pase sou mòn ale byen lwen
Manman kana di, "*Kwak, kwak, kwak, kwak.*"
Men twa ti kana tounen sèlman.

Twa ti kana soti yon jou,
Pase sou mòn ale byen lwen
Manman kana di, "*Kwak, kwak, kwak, kwak.*"

Men de ti kana tounen sèlman.
De ti kana soti yon jou,
Pase sou mòn ale byen lwen
Manman kana di, "*Kwak, kwak, kwak, kwak.*"

Men yon ti kana tounen sèlman.
Yon ti kana soti yon jou,
Pase sou mòn ale byen lwen
Manman kana di, "*Kwak, kwak, kwak, kwak.*"

Men okenn ti kana pa tounen.
Manman kana soti yon jou,
Pase sou mòn ale byen lwen
Manman kana di, "*Kwak, kwak, kwak, kwak.*"

Men tout senk ti kana yo tounen.

Ti Poul ak Ti Kana

The Chicks and the Duckling, Mirra Ginsberg

Yon kana soti nan ze l yon jou. Li di: "Mwen soti."
Ti poul di: "Mwen menm tou."

Ti kana di: "M ap mache."
Ti poul di: "Mwen menm tou."

Ti kana di: "M ap fouye yon twou."
Ti poul di: "Mwen menm tou."

Ti kana di: "M jwenn yon vètè."
Ti poul di: "Mwen menm tou."

Ti kana di: "M jwenn yon papiyon."
Ti poul di: "Mwen menm tou."

Ti kana di: "M pral naje."
Ti poul di: "Mwen menm tou."

Ti kana di: "M ap naje."
Ti poul rele: "Mwen menm tou."

Ti kana rale ti poul mete deyò.

Ti kana di: "M pral naje ankò."
Ti poul di: "Pa mwen menm."

Bon, Pa Bon Chat

Good Bad Cat, Barbara Gregorich

Chat la kouri anba chèz la.

"Pa bon chat"

Chat la kouri sou jwèt la.

"Pa bon chat"

Chat la vole sou tab la.

"Pa bon chat"

Chat la wè yon sourit

Tout moun wè l tou.

Sourit la kouri anba chèz la.

sou jwèt la,

e travèse tab.

Chat la fè menm bagay.

Sourit la kouri soti nan kay la.

Chat la pa swiv li.

"Bon chat!"

"Bon chat!"

Zanmi m

Friends, Taro Gomi

Zanmi m chat aprann mwen mache.
Zanmi m chen aprann mwen vole.
Zanmi m makak aprann mwen grenpe.
Zanmi m chwal aprann mwen kouri.
Zanmi m kòk aprann mwen mache-opa.
Zanmi m krokodil aprann mwen kabicha.
Zanmi m papiyon aprann mwen pran odè.
Zanmi m lapen aprann mwen kache.
Zanmi m foumi aprann mwen egzaminen latè.
Zanmi m goril aprann mwen choute.
Zanmi m koukou aprann mwen obsève syèl la lannwit.
Zanmi m zwazo yo aprann mwen chante.
Zanmi m liv yo aprann mwen li.
Zanmi m pwofesè yo aprann mwen etidye.
Zanmi m lekòl la aprann mwen jwe.
Zanmi tankou ou aprann mwen renmen.